

Deklarasyon sou Enpak Ekite : Chanjman nan orè lekòl UP Academy

Chanjman orè pou ane skolè lekòl UP Academy ak lekòl Dorchester **Dat la :** 11 me, 2022
Tit la : School

Èske n te itilize [Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal la \(REPT a\)](#) ? Wi Non

Si repons lan se wi, mete dat (divès dat) reyinyon REPT yo ak [lyen an pou premye etap REPT a isi a](#):

Èske yon manm Divizyon Ekite, Strateji, ak Redikasyon Mankman nan Opòtinite a te revize deklarasyon sa a ? Wi Non

Seksyon Zouti Planifikasyon Ekite Rasyal BPS la	Rezime/Rezònman
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki rezilta pwopozisyon an/efò a dezire jwenn, pami yo eliminasyon disparite (dekalaj) ? Kilès ki t ap dirije travay sa a/planifikasyon sa a, e èske yo refleto idantite elèv ak fanmi Lekòl Piblik Boston yo (kèk gwoup kle enkli moun nwa, latinx, azyatik, ameriken endijèn/endyen, imigran, moun miltileng (ki pale plizyè lang), epi ki genyen kèk eksperyans Edikasyon Espesyal) ?</i></p>	<p>Nou pwopoze chanje ane skolè lekòl UP Academy Boston (UAB) ak lekòl UP Academy Dorchester (UAD) de 185 a 180 jou pou aliye yo a rès lekòl Lekòl Piblik Boston yo (BPS). Chanjman sa a se pou reponn a kòmantè fanmi, elèv, ak manm pèsònèl nan toude lekòl yo ki arive eksprime ke aliman sa a (amoni sa a) va aleje chay lojistik fanmi sila yo ki gen elèv nan lòt lekòl Lekòl Piblik Boston (BPS), e kreye yon ane skolè ki ta gen yon longè ke elèv yo ak manm pèsònèl yo ta kapab sipòte.</p> <p>Kominote skolè nou yo refleto Lekòl Piblik Boston an anyte. Enskripsyon nan lekòl UAB nan moman sa a konpoze de 96% elèv koulè, 30% elèv ki gen Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP), ak 25% elèv k ap aprann angle (ELs). Enskripsyon lekòl UAD nan moman sa a konpoze de 99% elèv koulè, 14% elèv ki gen Plan Edikasyon Pèsonalize (IEP), ak 37% elèv k ap aprann angle (ELs). De (2) nan kat lidè lekòl yo se moun koulè yo ye, e amandman (ajisteman) pwopoze sa a arive jwenn apwobasyon Konsèy Administrasyon lekòl UAB/UAD (5 nan 9 manm yo se moun koulè yo ye).</p>
<p>2. Amoni ak Plan Stratejik la <i>Se kòman pwopozisyon an/efò a aliye avèk plan stratejik distri a ?</i></p>	<p>Direksyon stratejik Lekòl Piblik Boston konsènan afè akademik santre sou :</p> <ul style="list-style-type: none"> ● Ranfòsman ansèyman ak lidèchip lekòl. ● Repwodikasyon siksè ak redresman lekòl ki bay ranman fèb. ● Apwofondi divès patenarya avèk paran, elèv, ak kominote a. ● Refè konsèp divès sèvis distri a pou yo gen plis efikasite, efisyans, ak ekite. <p>Nan lekòl UAB ak UAD, konfòm a direksyon sa a, nou arive konstrui yon pwogram modèl bousye pou pwofesè, lidè pwofesè, ak direktè pou asire ke ansèyman nou ak lidèchip nou lekòl yo ekselan. Nou investi nan divès liyezòn fanmi, ak nan yon Direktè Jeneral pou Afè Ekite ak Angajman ki dirije travay esansyèl sa a nan tout lekòl UP lokal yo. Nou etabli patenarya avèk distri a osijè amonizasyon sistèm done yo ak pataj done yo pou ogmante efisyans.</p> <p>Nou kwè ke amonize kalandriye lekòl nou an avèk pa distri a va ranfòse ansèyman nan fason nou kore retansyon manm pèsònèl yo, e apwofondi divès patenarya avèk elèv yo</p>

	ak fanmi yo nan adopsyon yon pwopozisyon ki anrasine nan kòmantè patikilye yo ban n yo.
<p>3. Analiz Done yo <i>Ki done ki te analize ? Èske yo te dezagrege (separe) selon ras ak selon lòt gwoup kle ? Ki sa yo te montre konsènan disparite yo ?</i></p>	<p>Manm pèsònèl lekòl yo ak rezo yo, ak Konsèy yo pou lekòl UAB/UAD, voye yon koudèy regilyèman sou done rannman elèv lekòl UAB ak UAD, selon ras, ak estati elèv yo parapò a bezwen espesyal ak estati yo parapò a aprantisaj angle. Rannman elèv nwa ak elèv latinx konparab a rannman kamarad blan yo ak kamarad azyatik yo. Byenke rannman elèv ki gen bezwen espesyal ak elèv k ap aprann angle pi ba pase rannman divès lòt sougwoup, lekòl UAB ak UAD angaje aktivman nan devlopman pwofesyonèl pou abòde bezwen yo pi byen. Epitou lekòl yo, rezo a, ak konsèy administrasyon an voye yon koudèy regilyèman sou done dezagrege yo osijè kilti, prezans, ak done sondaj, ki koz divès amelyorasyon nan strateji yo pou maksimize (eksplwate) efikasite tan aprantisaj yo, patikilyèman pou elèv ki fè pati popilasyon sila yo ki istorikman aleka sosyete a.</p> <p>Pandanke nou t ap konsidere chanjman kalandriye sa a, nou te analize divès done osijè longè ane a ak kantite minit ansèyman yo pou asire ke chanje sot nan 185 jou a 180 jou p ap sakrifye opòtinite pou founi plis tan pou ansèyman pandan ane skolè a - ki se youn nan prensip kontra lekòl UAB ak lekòl UAD. Menm avèk chanjman sa a, n ap toujou founi tan ansèyman anplis paske jounen skolè lekòl UAB ak lekòl UAD anviwon 55 minit pi long pase pifò lekòl distri a.</p>
<p>4. Angajman Pati Enterese yo <i>Kilès ki te angaje (kantite, gwoup kle yo, ak wòl yo) ak kòman, e kisa sa te pwodui ? Ki sa elèv/fanmi ki sibi plis enpak pwopozisyon sa a/efò sa a te di ?</i></p>	<p>Nou arive resevwa plizyè rekèt nan sondaj manm pèsònèl yo ak sondaj fanmi yo ki mande pou yon ane skolè ki ta pi kout. Nou te òganize divès gwoup diskisyon nan chak lekòl pou n te kolekte plis kòmantè nan men fanmi yo osijè chanjman pwopoze sa a, e 100% sila yo ki te patisipe te apiye posibilite a, epitou sa te fè yo kontan. Yo te pataje plizyè rezon konvenkan pou chanjman sa a, pami yo : chay yo aleje lè y ap jere plizyè orè lòske frè ak sè ale nan lòt lekòl, gen plis tan ak fleksibilite pou vizite fanmi lwen, gen plis opòtinite pou patisipe nan kan ete ak travay ete, ak mwens defi transpòtasyon chak otòn.</p>
<p>5. Strateji Ekite Rasyal <i>Se kòman pwopozisyon sa a/efò sa a rezoud disparite yo (dekalaj yo) epi ogmante ekite rasyal ak lòt tip ekite ? Ki konsekans inatandi (enprevi) ki posib ? Ki strateji konplèmantè k ap avanse ekite a pou l rive pi lwen ?</i></p>	<p>Lekòl UAB ak UAD fè pati yon strateji nan tout distri a pou pran swen mankman ki egziste nan divès opòtinite. Lekòl Piblik Boston te mande lekòl UAB ak lekòl UAD pou yo redrese lekòl sila yo kote ke pifò popilasyon etidyan yo se elèv koulè. Apwobasyon amandman orè sa a ap aliye orè yo avèk rès Lekòl Piblik Boston yo, ki va apiye yon operasyon swa e san pwoblèm pou elèv yo, fanmi yo, ak manm pèsònèl yo. Sa ap asire an retou ke lekòl UAB ak lekòl UAD va kontinye founi divès opsyon kalite siperyè pou elèv yo, pi patikilyèman elèv koulè, atravè yon sistèm deziyasyon lotri aksesib nan pwosesis demann ouvè distri a.</p> <p>Yon konsekans inatandi chanjman pou n adopte 180 jou skolè a kapab yon pèt nan tan ansèyman yo. Sepandan, avèk yon jounen skolè pwolonje an plas, elèv lekòl UAB ak lekòl UAD ap toujou genyen divès minit anplis pou tan ansèyman pandan ane skolè a.</p>
<p>6. Bidjè ak Enplemantasyon <i>Ki sa ki enpak bidjè yo ? Se kòman enplemantasyon an ap asire ke n ap atenn tout objektif yo,</i></p>	<p>Chanjman sa a ap redui bidjè Transpòtasyon Lekòl Piblik Boston an, etandone ke distri a p ap bezwen kouvri pri yon semèn anplis pou otobis pou chak lekòl.</p> <p>Chanjman nan orè a ap enplemannte tousuit lòske n resevwa l. Tout manm pèsònèl Rezo UAB, UAD, ak UP ap ede divilge kominikasyon sa a bay fanmi yo. Sa ap enkli kominikasyon alekri ak itilizasyon plizyè platfòm kominikasyon ke chak lekòl abitye itilize pou kominote skolè patikilye yo. Kominikasyon yo ap tradui kòm sadwa pou asire</p>

<p><i>patikilyèman objektif sila yo ki anrapò ak ekite ? Ki divès idantite gwoup ki fè pati ekip enplemantasyon an, e èske y ap pote yon pwennvi ekite avèk yo ?</i></p>	<p>aksesibilite pou tout pati enterese yo.</p>
<p>7. Kontrandi ak Kominikasyon <i>Se kòman n ap evalye e dokimante enpak yo, epi kominike yo bay pati enterese yo ? Kilès k ap responsab ?</i></p>	<p>Konsèy Administrasyon nou an ak BTU (Sendika Pwofesè Boston yo) arive apwouve amandman ajou orè lekòl UAB ak lekòl UAD. Si Komite Skolè a apwouve amandman sa yo, y ap soumèt bay DESE (Depatman Edikasyon Elemantè e Segondè) pou yon apwobasyon final. DESE, Lekòl Piblik Boston, ak Konsèy Administrasyon lekòl UAB ak lekòl UAD responsab pou sipèvizyon ak kontrandi sou lekòl UAB ak lekòl UAD. Sistèm kontrandi DESE a pou tout lekòl, Kritè Pèfòmans pou lekòl Charter yo, ak sistèm entèn Lekòl Piblik Boston an ak lekòl UP founi siveyans kontinyèl ak divès nòm (divès estanda).</p>